

TAX FREE

Fen Semèn SAN TAKS

- Sèten Rad, Soulye
- Sèten Akseswa Abiman
- Sèten Founiti Klasik

Sa gen plizyè ane, Lejislati Florid la te otorize kèk jou pou pa peye taks sou lavant founiti klasik debaz anvan ouvèti nouvo ane lekòl la. Konje nan peye taks sou lavant 2018 la se yon evènman 3 jou ki ap kòmanse a 12:01 dimaten vandredi 3 out e li ap fini a minui dimanch 5 out 2018. Yo pap kolekte okenn taks oubyen opsyon taks lokal nan Florid pandan tan sa a sou lavant sèten rad, soulye, ak sèten akseswa rad ki ap vann pou \$60 oubyen mwens pa atik oubyen sou sèten founiti klasik ki ap vann pou \$15 oubyen mwens pa atik.

Ouvèti Lekòl

Fen Semèn San Taks

3 - 5 out 2018



Pou plis enfòmasyon sou konje nan peye taks la, eskane Kòd 'QR' la oubyen vizite sit Entènèt ki anba a.

<http://floridarevenue.com/backtoschool/Pages/default.aspx>

Se yon Anons Sèvis Piblik Lekòl Leta Miami-Dade County.

Pwopozisyon chèmann Komisyon Konsèy Lekòl Perla Tabares Hantman pou fè pwomosyon jou pou fanmi yo pa peye taks la te jwenn sipò tout kòlèg li yo nan Komisyon Konsèy Lekòl la nan reyinyon anyèl yo a ann me 2018.

